Росабазде сапар



**Культураги динги цебесеб кьерда**

Стр. 2

спорт

**Черель - тIоцебесеб!**

Стр. 4




# ЛЪАРАТIА

ЛъаратIа районалъул газета

№ 12 * август 2017 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


*жамгIият*

# ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ ДАНДЕЛЪИ

*ЛъаратIа мугIалимзабаз лъагIалил хIасилал гьаруна*



**Исанаги тIобитIана щибаб лъагIалил августалда районалда гьабулеб мугIалимзабазул данделъи. Районалъул нухмалъиялъул пикруялда, улкаялъ Дагъистаналда цIикIун кIвар кьолеб буго ахирал соназда лъай кьеялъул суалазе. Республикаялдаса хIакимзаби, телевидение ва ЛъаратIа районалъул нухмалъи цере рахъун, гьаруна районалъул лъай кьеялъул рахъалъ хIасилал. Гьединго гьоркьор лъуна цIияб лъагIалил соналда тIуразе ккарал масъалаби.**



Августалъул 28 абилеб къоялъ ЛъаратIа культурияб рукъалъул залалда тIобитIана щибаб лъагIалида гьабулеб мугIалимзабазул данделъи. (Августалъул совещание). Гьенир призидиумалда гIодор чIаразда гьорлъ рукIана районалъул бетIер Ражаб Ражабов, республикаялъул лъай кьеялъул министерасул тIоцевесев заместитель Темирхан Халилов, районалъул лъай кьеялъул идараялъул нухмалъулев Сулейман Меджидов, школазул директорал, мугIалимзаби ва гь.ц.

Данделъи байбихьилалде киназго хал гьабуна районалъул искусствоялъул школазул лъималаз гьарурал батIибатIиял алатазул, тIагIелазул ва цоги гIолохъанал махшелчагIазул гьунаразул.

Данделъи байбихьигун районалъул бетIерас баркана киназдаго цIияб 2017-2018 абилеб цIалул сон ва бицана кинал масъалаби ругел нухмалъиялда цере цIияб цIалул лъагIалие.

« ХIурматиял мугIалимзаби, дагьалъ цебе МахIачхъалаялда тIобитIараб августалъул совещаниялда республикаялъул бетIер, Рамазан ГIабдулатIиповасги бицана ахирал соназда улкаялъ цIикIун кIвар кьолеб буго лъай кьеялъе, сахлъи цIуниялъе ва мугIалимзабазегун тохтуразе гIураб харж чIезабиялъе. Республикаялда аза-азар чагIи руго тIадегIанаб лъаялъул дипломал кодор ругел, амма унгояб лъай щварал чагIи цIакьго дагьал гурони гьечIо. Лъай кьеялъул суалалда хурхун республикаялъул бетIерас кIвар буссинабулеб буго районазда, росабазда хасал школа-интернатал, цIиял тIалабазда данде кколел лъай кьеялъул централ рагьиялде. Районалъул нухмалъиги кидаго хIадураб буго республикаялдаса тIад къарал масъалаби тIуразе», - ян бицана Ражаб Ражабовас.

Хадуб рагIи кьуна районалъул лъайкьеялъул идараялъул нухмалъулев Сулейман Меджидовасе. Гьес халатаб доклад гьабуна араб цIалул соналъул хIасилазул.

«ХIурматиял данделъиялъул гIахьалчагIи! Нилъер районалда хIалтIулеб буго 20 гьоркьохъеб школа, анкьго аслияб школа, анцIила анкьго байбихьул классазул школал. Гьенир цIалулел руго 1725 лъимер ва гьединго лъабго учреждение хасаб образованиялъулги буго. Гьенире уна ялъул программаял щвлде щун цере тIезаризе. Масала, исана нужеда лъала кинаб къагIидаялъ кьураб ЕГЭ ва ОГЭ. Бищунго кьварараб къагIидаялда, хасго нилъер районалда. Киса-кирего экзаменал кьолел пунктазда рекъезарун рукIана видеокамераял ва гьединго хал гьабулел рукIана федералиял инспекторал. Гьеб кинабго хIалтIи буго лъай кьей нилъер районалда цебетIезе гьабулеб».

Гьединго данделъиялда цеве вахъун кIалъана республикаялъул лъай кьеялъул министрасул заместитель Темирхан Халидов. Гьес тIадегIанаб къимат кьуна лъайкьеялъул рахъалъ гьарурал хIалтIабазе, хасго экзаменал кьеялъе районалда гьабураб тадбиралъе.

«Дун кутакалда вохарав вуго нужгун гьаб данделъиялда гIахьаллъизе. Жакъа гьаниб гьабизе кинабго цIалул лъагIалил хIасил, рорхана кIвар бугел суалал ва цере лъуна захIматал масъалаби. Бищунго кIвар бугеб суал буго тIоцебе хIажатаб иш лъай, ай кинаб нух кквезе кколеб. Нилъ битIараб нухда руго жакъа. Гьанир гьарурал араб цIалул лъагIалил хIасилазда жаниб дица бищунго кIудияб бергьенлъилъун рикIкIуна хIакъикъияб, законалъул тIалабазда рекъон ЕГЭ кьезе бажари», - ян бицана Темирхан Халидовас.



лъималазул творчествоялъул рукъ (ДДТ), гIолилазул спортивияб школа (ДЮСШ) ва лъималазул искусствоялъул школа (ДШИ). Гьеб лъабго идараялда цIалулал 1253 лъимер. Гьеб гуреб 31 ясли-ах буго хIалтIулеб. Гьенирги малъула 670 лъимер. Хасаб кIвар кьолеб буго аслияв лъай кьеДанделъи лъугIун хадуб районалъул бетIерас шапакъатал кьуна лъай кьеялъул рахъалъ тIадегIанал цIаразе мустахIикълъарал мугIалимзабазе.

*мажлис*



# Байил Шайихасул хабада зиярат

**Августалъул анлъабилеб къоялъ Хидиб росдада аскIоб Байил Шайихасул хабада аскIоб тIобитIана зиярат. Гьеб мажлис тIобитIана республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул тIалабалда рекъон. Мажлисалда данделъана кинавниги кIиазарго гIанасев чи тIолабго республикаялдасан.**

Данделъиялда гIахьаллъана Рамазан ГIабдулатIипов, Халкъияб собраниялъул депутат Ражаб ГIабдулатIипов, ЛъаратIа районалъул бетIер Ражаб Ражабов ва гьел гурел цоги республикаялдаса хIакимзаби ва диният идараялъул гIалимзаби.

*Ахир 2 аб. гьум.*

*росабазде сапар*

# Культураги динги цебесеб кьерда

## *Районалъул нухмалъи щвана Кутлаб росулъе*



**Районалъул нухмалъиялъ 15 августалда иргадулаб сапар бухьана Кутлаб росулъе. Гьениб федералияб программаялда рекъон цIигьабулеб буго росулъ бугеб культурияб рукъ ва росдал жамагIаталъ жидерго къуваталдалъун балеб буго цIияб кIитIалаяб мажгит. Щиб хIалтIи гьабун бугеб ва кигIан заманалда жаниб гьеб рагIалде бахъизе бугебали хал-шал гьабуна районалъул хIакимзабаз.**

Федералияб программаялда рекъон, улкаялъул регионазда басрияб культураялъул минаби цIигьарулел руго. Нилъер республикаялда гьеб программаялда рекъон цIигьабулеб буго Кутлаб росдал культурияб рукъалъул мина. Кутлаб росу буго нилъер районалда рищунго чIахIиял росабазул цояб.

Росдал культурияб рукъалъул директор Аминат ШагIбановалъул рагIабазда рекъон, гьениб капиталияб ремонт гьабичIого ун буго гIемераб заман. Гьединлъидал, гьабсагIат гьениб кIудияб хIалтIи цебечIун буго.

«Нижер росулъ культурияб рукъалъул мина цIигьабичIого ун буго 25 сон. Кьеял рихххун унел руго бакIбакIаздасан ва мина цIакъго херлъун буго. КIудияб хьул буго республикаялъул ва районалъул нухмалъиялъ гьеб хIалтIи кватIичIого рагIалде бахъизе букIиналда», - ян абуна ШагIбановалъ

ОКСалъул (Отдел капитального строительства) нухмалъулев АхIмад ГIалиевасул баяналда рекъон, хасел щвелалдего мина цIигьабун лъугIизе буго.

«Бокьараб мина херлъулеб буго заман щвараб-го, шагьаралда букIа, росулъ букIа, батIалъи гьечIого. Гьаб росулъ культурияб рукъалъул мина цIигьабизе заман щун букIана анцIго соналъ цебе. Исана федералияб программаялда рекъон хIалтIи гьабун бахъизе буго ноябрь моцIалъул байбихьуда. Гьениб хIалтIи гьабизе биччан буго кинабниги 15 млн, 789 азарго гъуруш гIарац. Щибаб капек хIалтIизабизе буго бихьизабураб хIалтIуда рекъон. Гьелъул жаваб кьезе кколелъул», - ян баян кьуна АхIмад ГIалиевас.

Районалъул бетIер Ражаб Ражабовас абуна, гьеб кумек щвезе бигьалъизе букIинчIила республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас кIвар буссинабичIони.





«Росабалъ культуриял рукъзал цIигьариялъул хасаб программа хIалтIизе байбихьун буго исана республикаялъул бетIерасул тIалабазда рекъон. Цебегоялдаса нахъе тIоцебе щун буго ЛъаратIа районалъе гьединаб рес. Нилъеца кIудияб кIвар кьезе ккола гьеб хIалтIуе ва культурияб рукъалъул минаби цIигьаризе ккола. Ахирал соназда росабазул культуриял рукъзабазе гIезегIан гIарац биччалеб буго минаби цIигьаризе. Районалда кIудияб хIалтIи гьабулеб буго культуриябгIун рухIияб рахъ цебе тIезабизе», - ян абуна районалъул бетIерас.

РухIияб рахъги кIвар кьечIого тун течIо Кутлаб росулъ. Жакъа гьениб балеб буго кIудияб кIитIалаяб мажгит росдал жамагIаталъул хIаракаталдалъун. Кутлаб росдал бегавул Закария Къурбановасул рагIабазда рекъон, кинабго мажгит балеб хIалтIуе квербакъи гьабулеб бугила росдал жамагIаталъ.

Закария Къурбанов: «Нижер буго кIудияб росу. ГIицIго гьанир магIарухъ гIумру гьабун чIарал гурелги, хъутабазда, шагьаразда ругел нижер росуцояз кIвараб кумек ва квербакъи гьабулеб буго хIалтIи рагIалде бахъизе. Нижеца гьарурал хIисабазда рекъон, исана мажгит тIохда гъорлъе буссинабун лъугIизе ккола».

Районалъул бетIер Ражаб Ражабовас хал-шал гьабуна цIи балеб мажгиталъул: «ЦIакъго хIажат буго нилъер щивасул кумек гьаб баракатаб хIалтIуе. ЛъикIаб гIадат буго нилъер районцоязул цоцазе цадахъ лъугьун кумек гьабулеб. Нилъер ракьалда мажгитал цIикIаралгIан щулалъизе буго рухIияб рахъ ва нилъ цолъизе руго. Гьеб нух ккурал руго нилъер динияб идараялъул церехъабиги», - ян абуна гьев.

*мажлис*

# Байил Шайихасул хабада зиярат

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

Дагъистаналъул динияб комитеталъул председатель МухIамад ГIабдурахIмановасул пикруялда рекъон, гьадинал данделъабаз кумек гьабула республикаялда гIицIго динияб гуреб, халкъ жамагIат цолъизе, ракIал журазе. «Нилъеца лъазабизе ккола нилъер умумузул тарих, гьездаса мисал босизе ва лъикIал гIамалал цIикIинаризе хIаракат бахъизе ккола», - ян абуна ГIабдурахIмановас.



Дагъистаналъул муфтиясул заместитель Идрис-хIажи Асадулаевас баркана жамагIаталда муфтиясул цIаралдаса мажлис ва гьединго цIалана назмаби тIарикъаталъул устарзабазул, шайихзабазул ва гьез исламалъул нухда гьабураб кIудияб хIалтIул.

Хасавюрт шагьаралъул гIалимазул советалъул председатель Казим Темирбулатовас кIвар буссинабуна хIукуматалъулги динияб идараялъулги рекъон хIалтIиялъул суалалде. «Диниял чагIазда бичIулеб буго республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул рахъалдасан бугеб кумек. Нилъеда бихьулеб буго гьев Дагъисталъул муфтий АхIмад-хIажигун гIемер дандчIвалев вукIин. Гьедин рекъон хIалтIун букIине буго нилъер ракьалда ракълилаб гIумру ва сундулъго цебетIей», - ян абуна Казим Темирбулатовас.

Данделъиялда ахIана гIемер мавлидал, кIалъана гIалимзаби ва бикьан асадакъа.

## СЛУЖБА ЗАНЯТОСТИ НАСЕЛЕНИЯ ТЛЯРАТИНСКОГО РАЙОНА ИНФОРМИРУЕТ ГРАЖДАН О ВОЗМОЖНОСТИ ТРУДОУСТРОЙСТВА ЗА ПРЕДЕЛОМ РД.

За информацией о наличии вакансий граждане могут лично обратиться к специалистам ГКУ РД ЦЗН в МО «Тляратинский район» или использовать информационно-телеммуникационную сеть«Интернет»;официальную сайт Федеральной службы занятости «Работа в России».

Кроме того, служба занятости населения района оказывает содействие безработным гражданам в переезде и безработным гражданам и членам их семей в переселении в другую местность для трудоустройства по направлению службы занятости населения района.

Приказом Министерства труда и социального развития Республики Дагестан утвержден порядок предоставления финансовой поддержки безработным гражданам при переезде и безработным гражданам и членам их семей при переселении в другую местность для трудоустройства по направлению службы занятости населения района.

Согласно Порядка центр занятости могут оказать финансовую поддержку:

1. Безработным гражданам при переезде в другую местность для трудоустройства по имеющимся у них профессии по направлению службы занятости, финансовая поддержка включает:

- оплату стоимости проезда к месту работы(за исключением случаев, когда проезд оплачивает работодатель)

-суточные расходы за время следования к месту работы

- оплату найма жилья до трех месяцев, за исключением случаев, когда работодатель предоставляет жилье

2. Документы необходимые для представления безработному гражданину государственной услуги в части содействия в переезде в другую местность для трудоустройства по направлению службы занятости:

-заявление о предоставлении государственной услуги по содействию безработным гражданам в переезде в другую местность для трудоустройства по направлению службы занятости по установленной форме;

-Паспорт, трудовая книжка, документ об образовании, документы удостоверяющие личность членов семьи безработного гражданина, справка о составе семьи, свидетельства о рождении членов семьи, для инвалидов, индивидуальная программа реабилитации инвалида, выданная в установленном порядке и содержащая заключение о рекомендуемом характере и условиях труда.

С информацией о возможности переезда или переселения для работы за пределом Республики Дагестан Вы можете ознакомится в службе занятости населения района, по адресу с. Тлярата Тляратинского района РД. Телефон горячей линии 89618326067.

**Директор ГКУ РД ЦЗН**
**В МО «Тляратинский район»**
**КУРБАНОВ А.Р.**

дин ва гIумру

# Жагьиллъи бугелъуб гIадлуги букIунаро

**Щивав бусурбанчиясда тIадаб борчлъун ккола лъай тIалаб гьаби. Аллагьасе рецц, жакъа лъай тIалаб гьабизе кигIан бокьаниги ресал руго. Руго тIахьал, интернет, мажгитазда гьарула вагIзаби ва гьеб киналъгоквербакъула лай щвеялъе. Гьебго заманалда руго нилъее лъай кьезе хIадурал мугIалимзабиги. Гьединаб, ай халкъалъе лъай кьеялъул мурадалда хIалтIулеб отдел буго ДРялъул муфтияталда цебеги. Гьелъул нухмалъулев, муфтиясул заместитель Идрис-хIажи Асадулаевасулгун буго нижер жакъасеб гара-чIвариги.**



**- Идрис-хIажи, кин нужер отделалъ хIалтIи гIуцIун бугеб?**

- Дагъистаналъул муфтияталъе мукIурал отделал гIуцIун руго республикаялъул щибаб шагьаралдагун районазда.Гьезул буго гIаммаб хIалтIулаб къагIидаги. ХIалтIи гьабула тIадегIанал ва гьоркьохъел цIалул идарабазда, харабазул ва лъималазул рукъзабахъ, поликлиникабазда-гун больницабазда, базаразда ва цогидалги гIуцIабазда. Щибаб ишалъе хIадурун буго хасаб план ва график. Гьеб гурелги, рес кканщинаб бакIалда хIаракат бахъула лъай кьеялъул мурадалда бажарарабщинаб гьабизе. Масала, учительзабазда, полициялъулазда, тохтурзабазда цере рахъунелъул нижеца хIаракат бахъула щибаб махщалие рекъонкколеб темаялда хурхарал вагIзаби гьаризе, адабазул бицине. Гьединго, бицуна жамгIияталда церечIарал масъалабазул, исламалъул, шаргIияб нухалдалъун гьел масъалаби тIуразаризе бегьулеб къагIидаялъул. Хасаб кIвар кьола тIабигIат цIунизе ккеялде, гьекъолдигун наркоманиялдаса рикIкIалъизе ккеялде ва терроризмгун экстремизм исламалъе хасиятаб жо гуреблъи бичIчIизабиялде. Бицуна вацлъиялда, гьудуллъиялда рукIине кколеблъиялъул ва гьедин ругони щивасе щолеб баракаталъул.

**– Нужехъ гIенеккулез, аслияб куцалда, кинал суалал кьолел?**

– Суалал рукIуна цIакъго гIемерал ва батIи-батIиял. Хасго суалал кьола гIолохъанаб гIелалъ. ГIаммаб къагIидаялъ босани, гIемерисел суалал рукIуна цоцада релълъарал, ай нилъер гIумру гьабиялъул къагIидаялда хурхарал. Гьелъ бицунеб буго динияб лъаялъул бичIчIи мукъсанаб букIиналъул ва гьединлъидалги лъай кьеялъул отдел чара гьечIого хIажат буго.

**– Дур пикруялда, диналъул рахъалъ кинаб бичIчIи-лъай бугеб нилъер жамгIияталъул?**

– ГIемерисез кьолел суалал рукIуна гIадатиял жалазда хурхарал. Гьелъ бихьизабулеб буго жамгIияталъул динияб рахъалъ гIураб лъай гьечIолъи. Бихьулеб буго дин гьабиялде кьолеб кIвар гIемерисезул чучаб букIин. Гьединлъидал, батIибатIиял коллективазулгун данделъаби тIоритIи чара гьечIого хIажат буго. Гьелдаго цадахъ хIалтIи гьабизе ккола социалиял гьиназдасанги. Щайгурелъул, аслияб куцалда, гIолилаз жакъа лъай ва къваригIел бугебги гьечIебги информация тIалаб гьабулеб бакIлъун ккола социалиял гьинал.

**– Идрис-хIажи, бокьилаан лъазе дуца нухмалъи гьа-булеб отделалда хIалтIулезул хIакъалъулги. Щал ва щиб лъаялъ чагIи гьел?**

– Нижер отделалда хIалтIулев вуго къогоялдаса цIикIкIун чи. ГIемерисезул буго тIадегIанаб кIиго лъайги: светияблги динияблги. Лъай гуребги гьездаса тIалаб гьабула берцинго кIалъазе лъай, бичIчIуледухъ ва мухIканго гара- чIвари тIобитIи, вагIза-насихIат пасихIго гьабизе лъай ва цогидалги тIалабал. Гьеб кинабго цо къоялда жаниб лъалеб жо букIунарелъул, нижецаги тIоритIула хасал курсал, малъула кIалъазе кколеб къагIидаялъул, жамгIияталда гьоркьов кин вукIине кколевали ва цогидабги. ХIатта кIвар кьола ретIел- хьиталдецин. Щайгурелъул, гьел рукIине ккола рацIцIа-ракъадго, ай лъица- го тIад калам гьабизе бакI гьечIеб хIалалда. Гьеллъидалха, тIоцебесеб иргаялда, цогидазе мисал бихьизабизе кколел чагIи.

**– Ругищ хIалтIулъ дандчIвалел масъалаби, квалквалал?**

– Кутакал, тIуразаризе кIоларел масъалаби ругин абиларо. Щайгурелъул, халкъалъул цIикIкIарасеб къадаралда бичIчIулеб бугелъулха динияб лъай щвеялъул бугеб кIвар, жагьиллъиялъ рачунеб бакIги нилъеда цебе буго. Гьедин бугониги камулел гьечIо цебе хIетIе ккололелги. Масала, цо-цо муниципалитетазул нухмалъулез нижеца гьабулеб хIалтIи сан гьабуларо, гьелде кьолеб кIвар мукъсанабго букIуна. Амма нижер хIалтIул кIвар бичIчIулел бакIазда гьабулеб ишалъул хIасили букIуна, кIиябго рахъ разияб хIалалда хIалтIи гIуцIунги бажарула.

# РИХЬДАЕ ГIАМАЛ ГЬАБИ

**Жакъа гIадамазда гьорлъ бищунго машгьурал рекIел унтабазул цояб ккола рияъ гьаби. Рияъ абураб рагIиялъул магIна ккола гIадамазул рекIелъе нух бати, лъикIал тIабигIал гьезда рихьизариялдалъун. Гьелдалъун гьесул мурадги букIуна гIадамазул мацIаз лъикIалдалъун живго рехсей, дунялалъул бутIа щвей ва тIадегIанлъи бокьи. Рияъ цохIо гIибадаталъулъ гуребги, гьеб букIуна инсанасул ретIа-къаялъул, вагIза-хабаралъулъ, сипат-сураталъулъ, бицулеб рагIиялъулъ ва гьабулеб гIамалалъулъ.**

Кинабниги гIамал, инсанас берцин гьабизе кIвар кьураб, жинда аскIор гIадамал рукIиналдалъун, гьелъулъ рияъ буго. Щайгурелъул, гьесул гIамал ихласалда Аллагьасе гIоло букIарабани, гьес батIалъи гьабизе букIинчIо аскIор гIадамал ругеб мехалъги, живго батIа вугеб мехалъги. Рихьдае гIамал гьаби хIарамаб буго, гьеб гьабулев чиги Аллагьасда аскIов жинда щим бахъаравлъун вукIуна, гьелъие нугIлъи гьабулеб бугеб гIадин хадур рехсарал аятаз ва хIадисаз. ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда абулеб буго: **«КIудияб балагь буго жидеца гъафлаталда, тIаса-масаго как балел гIадамазе ва жидеца рихьдае гIамал гьабулезеги»**, - ян. Цогидаб аяталда буго: **«Щив чи вугониги Аллагьгун дандчIвараб къоялъ кири щвезе бокьун, гьесда ихласалда Аллагьасе гIоло гIамал гьабейин абе, цогидав чи гIамалалъулъ гIахьал гьавичIого»**, - ян. Жинда свалат-салам лъеяв аварагас (с.т.гI.в) хIадисалда абулеб буго: **«Къиямасеб къоялъ ТIадегIанав Аллагьасул, рахъалдасан ахIула: «Кир ругел гIадамазда бихьизе гIоло жидеца гIамал гьабурал ва бацIцIадго Аллагьасе гIоло гIамал гьабурал, рахъа тIаде нужерго гIамалгун, гIамалазухъ ажруги босе нужеца гIамал жидие гIоло гьабурасухъа»**, - ян. Цогидаб хIадисалда абулеб буго: **«Дун бищунго нужеда хIинкъулеб жо гьитIинаб ширк буго»**, - ян. Цинги асхIабзабаз абуна: «Я Бичасул авараг, щиб жо кколеб гьеб гьитIинаб ширк?» - ан. Аварагас жаваб гьабуна: **«ГIадамазда бихьизе гIоло гIамал гьаби буго»**, - ян. Къиямасеб къоялъ лагъзадерие жидерго гIамалазухъ жазаъ гьабулеб мехалъ Аллагьас абула: **«Нуж а дунялалда нужеца жидее гIоло гIамал гьабулеб букIаразде аскIоре, халгьабе батулищ гьезда аскIоб гьеб гIамалалъул кири»**, - ян.



Ибну ЗугьайрицIа жинда свалатсалам лъеяв аварагасда гьикъана: «Я Аллагьасул расул! Дица лъикIал гIамалал гьарула Аллагьасе гIоло, киниги дун гьеб гIамал гьабулев цонигиясда вихьараб мехалъ вохула, дие гьеб бокьизеги бокьула», - ян. Аварагас (с.т.гI.в) гьесда абуна: **«Аллагьас , къабул гьабуларо гIамал, гьев разилъи гуреб батIияб мурад жинда гьорлъ бугеб», - ан. Абу НагIимица бицараб хIадисалда буго: «ТIадегIанав Аллагьас къабул гьабуларо мискъалу зараялъул къадаралъ жиндилъ рияъ бугеб гIамал»**, - ан. Свалат-салам лъеяв аварагас абулеб буго: **«Къиямасеб къоялъ гIаршалъул рагIалдалда гьоркь вукIуна гьединав лагъ, жинца кваранаб кверsucc садакъа кьурав, квегIаб кверaлдагицин лъазе течIого»**, - ян. ГьедигIанги бальго, рияалдаса цIунун. Гьелъие гIоло буго Байгьакъияс бицараб хIадисалда абулеб: **«ГIадамаздаса бальго гьабураб гIамал, гьезда бихьун гьабуралдаса лъабкъоялда анцIго нухалъ хирияб буго»**, - ян.

ГIадамазда бихьизе гIоло гIамал гьабулев чиясул мисал буго, жиндирго чунтбиги ганчIил цIун базаралде вахъарасул. Гьесул чунтби рихьидал гIадамаз абула: «Гьасухъ бугеб гIарцул гIемерлъи щиб», - ан. Амма базаралдаса жо босизе бокьидал, гьесие щибго жо щоларо. Гьединго рияъалъе гIоло гIамал гьабулев чиясе, гIадамазул кIалъай гурони щибго пайда букIунаро, къиямасеб къоялъ БетIергьанас гьев кинабниги гIамалалда цеве къватIив чIвазеги гьавула.

Жинда свалат-салам лъеяв ГIиса авараг вукIана абулевлъун: «Нужер цонигияс кIал ккун бугеб мехалъ бетIералдаги, мегежалдаги нах бахе ва гьеб кIутIбузда лъулъай гIадамазда лъачIого букIине гьес кIал ккун букIин. Кваранаб кверaлъ садакъа кьолеб мехалъ квегIалда лъазе течIого кье, как балеб мехалъ нуцIида пардав бигъе», - ян. Жинда Аллагь разилъаяв ГIали-асхIабас абуна: «Рияъ чиясе ункъго гIаламат буго; живго вугев мехалъ гьев гIибадаталъе кIвахIаллъула, гIадамал ругел бакIалда тирхакIирчиялда вукIуна, живго веццарав мехалъ гьес гIамал гIемер гьабула, какун гIайиб чIвараб мехалъ гIамал дагь гьабула», - ян. ГIумар- асхIабасда вихьарав мехалъ габурги гIодобе далун унев цо пуланав чи, гьесда ГIумарасхIабас абуна: «Ле, гарбил бетIергьан! Габурги эхеде босун хьваде, Аллагьасе хIели гарбида букIунаро, рекIелъ букIуна», - ян. Гьединго Абу Умамат БагьилиясдаI вихьана мажгиталъув суждаялдаги чIун гIодулев чи. Цинги гьес абуна: «Дуца гьеб Аллагьасе хIели рокьоб гьабулеб букIарабани лъикIаб букIинаан», - абун.

Жидеда Аллагь разилъаял асхIабзабаз ва табигIуназ абулаан: «ХIакъикъияб ихлас буго жиндирго лъикIал гIамалал рахчи, квешал гIамалал рахчулел гIадин», - абун. Абу ХIамид абурав салафу-салихIиназул цояс абуна: «ТIадегIанав Аллагьасе цо чи гьалаг гьавизе бокьараб мехалъ, БетIергьанас гьесие лъабго жоялдалъун гIакъуба гьабула», - ян.

I. ТIадегIанав Аллагьас гьесие гIелму кьола, амма гIелмуялда рекъараб гIамалал гьабиялдаса гьев нахъчIвала.

2. ЛъикIал гIадамазулгун гьудуллъи гьесие ризкъилъун кьола, гьезул хIакъикъат лъан, адаб цIуниялдаса гьев махIрум гьавула.

3. Гьесие Аллагьас гIибадаттIагIаталъул нуцIби рагьула, ихласалда гIамал гьабиялдаса гьевги машгъул гьавула. Инсанас гьабулеб гIибадаталъулъ лъабго даража буго. Гьезул бищун гIодобегIанаб даража ккола дунялалда живго талихI бугев вукIине, тIаде рачIунел балагьал нахъчIваялъе сабаблъун букIине абун гIибадат гьаби. КIиабилеб даража буго жужахIалдаса хIинкъун, алжаналде хьул лъун гIибадат гьаби. Лъабабилеб даража буго батIияб мурад гьечIого гIицIго Аллагь разилъи тIалаб гьабун гIибадат гьаби. Гьеб буго Аллагьас кири кьеялдалъун къотIи гьабураб, рияъ-сумгIаталдаса цIунун лагъас гIибадат гьабулеб даража.

**Исрафил-хIажи МУХIУМАЕВ**

❁ *спорт*

# Черель – тIоцебесеб!

## *Мини-футболалъул рахъалъ районалъул чемпонат тIобитIана*




**Августалъул 5-6 абилел къоязда Гьукъал росулъ тIобитIана мини-футболалъул рахъалъ районалъул чемпионат. Гьеб къецц тIобитIана районалъул администрациялъул тадбиралда. Гьениб гIахьаллъан районалъул батIи-батIиял росабаздасан 28 командаялъ.**

Турнир гIуцIизе квербакъи гьабуна районалъул администрациялъ, МахIачхъала шагьаралъул спорталъул комитеталъ ва Бузай Ибрагьимовасул цIаралда бугеб спортивияб школалъул нухмалъиялъ. Гьеб турнир тIобитIулеб буго ахираб лъабго соналъ щибаб лъагIалил риидал.

Турнир байбихьизе цере рахъана Каспийск шагьаралъул мэрасул заместитель Джамал ГIабдулатIипов, МахIачхъалаялъул туризмалъул ва спорталъул комитеталъул председатель Марат Ибрагьимов, Бузай Ибрагьимовасул цIаралда бугеб спортивияб школалъул директор ХIабиб ГIабдулаев ва ЛъаратIа районалъул нухмалъи.




Районалъул бетIер Ражаб Ражабовасул пикруялда рекъон, аслияб мураб буго гьел къецазул спорталде ва сахаб гIумруялде гIолохъанаб гIел ахIи.

«Гьаб мини-футболалъул турнир ахирал соназда гIадатлъун билъун буго нилъер районалда. Районалъул нухмалъи кидаго хIадураб буго мини-футболалъул гурел, цоги батIиял спортивиял данделъаби тIоритIизе. Гьелб ишалъ нилъ ахIулел руго жамагIаталда гьоркьоб цолъиялде ва бижизабулеб буго спорталдехун рокьигун гьира», - ян абуна Ражаб Ражабовас.

Турниралъул хIасилазда балагьун, тIоцебесеб бакI ккуна Черель росдал командаялъ, кIиабилеб бакI - ЛъаратIа росдал командаялъе ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Къардиб команда.

Турнир гIуцIарал ва гьелъие квер бакъи гьабурал спонсораз командаязе кьуна батIи-батIиял шапакъатал, медалал ва гIарцулал сайигъатал.

❁ *тIабигIат*

# НАХЪОЙГИ ЦIАЯЛ

## *КIиго анкьида жаниб лъабго бакIалда цIа свинабуна*

**ЛъаратIа районалда ахираб кIиго анкьалъ щибаб къоялъго гIадин цIаял рекIунел руго цо-цо бакIазда. МЧСалъул баяназда рекъон, халат бахъун цIадал рачIого заман ун, хер бакъван, бакъул бухIиялдаса сверун цIаял рекIунел руго. Киса-кибего бакъвараб херги ракьги бугеб мехалъ цIакъго гьитIинаб жоялдасаги къокъаб заманаялда кIудияб цIа багъарулеб бугила.**

МугIрузул районазда цIадал рачIого ун буго кIиго моцI. Гьелдалъун рохьазеги мучIдуздеги цIикIараб цIадул хIинкъи бугоян баян кьолеб буго республикаялъул МЧСалъ.

Августалъул 22 абилеб къоялъ АнгIада росдал рагIалда бакъвараб харида рекIана цIа, хадуб гьороца босун росдада аскIоб бугеб рохьоб рекIана. Гьебго къоялъ республикаялъул лесхозалъул ва ЛъаратIа районалъул нухмалъиялъул ахIиялда рекъон, гьенибе щвана республикаялдаса МЧСалъул кумек. МЧСалъ цIа ккараб бакIалде витIана 25 спасатель. СанагIат гьечIеб, аскIоса гIебеде лъимги даа





гьаб бакI букIиналъ техника хIалтIизе рес щвечIо, гьединлъидал тIолабго районалдаса кумек ахIун ракIарана 350 чи. Гьел гурел мадугьалихъ ругел районазул рохьил комитетазул 56 чи. Лъабго суткаялда жаниб свинабизе кIвана цIа АнгIада росдада аскIоб.

Анкьидасан 28 абилеб августалда гьединго цIа багъарана ТIалцухъ росдада аскIоб бугеб рохьоб. ГIилла гьединго лъалеб букIинчIо. Росдал жамагIаталъ кIвараб жигар бахъун 8 автомашинаги лъим баччизе хIалтIизабун цIа свинабулеб букIана. ЦIа ккараб бакIалда хIалтIулеб букIана 400 чи районалъул жамагIаталъул, ЦIунтIа районалъул рохьил магIишаталъул рахъалдасан 8 чи ва республикаялъул МЧСалдасаса цо цIа свинабулеб самолетги. КинабниГи ТIалцухъ росдада аскIоб бухIана 5 гектар рохь. Кин бугониги самолеталъ тIаде лъимги рехун цIа свинабуна.

Хадусеб къоялъ цIа рекIана ЧIадаколоб росдада аскIоб. Гьенибги самолеталъ тIаде лъим рехун свинабуна гьороца росдада аскIобе босизе течIого.

**ГКУ РД ЦЗН В МО «ТЛЯРАТИНСКИЙ РАЙОН»**
ИНФОРМИРУЕТ:
**О МИНИМАЛЬНОМ РАЗМЕРЕ ОПЛАТЫ ТРУДА 2017 г.**

**ОБЪЯВЛЕНИЯ**

Доводим до сведения всех руководителей учреждений организаций в МО «Тляратинский район», что в соответствии с Федеральным законом от 19 декабря 2016года № 460-ФЗ «О внесении изменения в статью 1 Федерального закона

«О минимальном размере оплата труда»» с 1 июля 2017 года минимальный размер оплаты труда установлен в сумме 7800 рублей в месяц.

Согласно части второй статьи 133 Трудового кодекса Российской Федерации месячная заработная плата работника, полностью отработавшего за этот период норму рабочего времени и выполнившего нормы труда (трудовые обязанности), не может быть ниже минимального размера оплаты труда (т.е. общая сумма оплаты труда работника, включающая в себя все доплаты, надбавки и выплаты, не должна быть ниже минимального размера оплаты труда).

Редактор:
**Раджабов Расул Абакарович**
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрациялъул ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 51372.**

Газета отпечатана в типографии "Лотос" по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать:
по графику: 19.00
фактически: 19.00 , 31.08.2017
Заказ ____________